



5 Premye Bagay pou ou Konnen sou Vòt Antisipe an Pèsòn

Nan kòmansman ane sa a, te genyen yon lwa ki te adopte pou pèmèt moun ale vote an pèsòn avan dat ofisyèl eleksyon nan New Jersey. Men repons pou sèk kestyon kouran moun poze sou vòt antisipe an pèsòn:

1. KISA KI VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN LAN?

Nouvo opsyon sa a pèmèt tout elektè ki enskri yo depoze bilten vòt yo **an pèsòn, lè ou itilize yon machin pou vote, pandan yon peryòd nèf jou ki tonbe avan Jou Eleksyon an**. A prezan ou kapab chwazi pou ou vote, an pèsòn, lè sa pi pratik pou orè pa ou.

2. KI KOTE MWEN KAPAB JWENN AKSÈ POU VÒT ANTISIPE AN?

- Kelkeswa kote ou viv nan konte an, ou kapab vote bilten spesifik pa ou nan nenpòt nan sit ki deziyen pou moun ale vote an pèsòn avan dat eleksyon an.
- Jwenn sit ki nan konte ou an nan adrès **Vote.NJ.Gov**.

3. KI LÈ MWEN KAPAB JWENN AKSÈ NAN VÒT ANTISIPE AN PÈSÒN?

- Sit pou vòt antisipe an pèsòn yo pral louvri **samdi 23 oktòb pou jis dimanch 31 oktòb**.
- Lè ouvèti yo pral **lendi-samdi, 10:00 a.m.-8:00 p.m. epi dimanch, 10:00 a.m.-6:00 p.m.** Ou pa bezwen pran randevou pou sa.


4. KISA KI KAPAB RIVE SI MWEN TE TOUJOU VOTE NAN LAPÒST, MEN KOUNYÈ AN MWEN PITO VOTE AVAN DAT, AN PÈSÒN?

- Tcheke wè nan adrès entènèt **Vote.NJ.Gov** si ou se yon elektè aktif pou vòt-nan-lapòst lan, anba ribrik "Am I Registered", "Eske mwen Enskri?"
- Si ou enskri pou vote nan lapòst nan Eleksyon Jeneral 2021 yo, se pou ou dezenskri pou ou kapab depoze bilten ou an pèsòn nan yon machin nan yon sit pou vòt antisipe.
- Pou ou kapab dezenskri, silvoulè kontakte County Clerk, grefye konte ou an, ki nan list pi ba la an, avan dat 31 out lan pase.

5. ÈSKE MWEN KAPAB TOUJOU CHWAZI PAMI LÒT OPSYON POU VOTE?

Wi. Ou kapab chwazi pou ou:

- Fè aplikasyon pou yon **bilten pou vote-nan-lapòst** epi voye li tounen nan youn nan diferan mwayen sa yo...
 - 1... *Nan Lapòst*: Se pou kachè sou anvlòp lan montre pou pi ta dat 2 novanm epi lè 8:00 p.m. epi se pou Komisyon Elektoral konte ou an resewa nan dat 8 novanm pou pi ta.
 - 2... *Bwat Depo Sekirize pou Bilten*: Depoze li nan youn nan bwat depo sekirize pou bilten nan konte ou an pou pi ta nan dat 2 novanm a 8:00 p.m. Ou kapab jwenn lokal kote bwat depo yo ye nan sit **Vote.NJ.Gov** lan.
 - 3... *Yon lokal Komisyon Elektoral*: Delivre li an pèsòn bay Komisyon Elektoral nan konte ou an pou pi ta nan dat 2 novanm a 8:00 nan aswè. Enfòmasyon pou kontakte Ofisyèl Elektoral Konte yo disponib nan sit **Vote.NJ.Gov** lan.
- Oubyen, **vote an pèsòn** nan biwo vòt ou, ki louvri depi 6:00 nan maten jis 8:00 nan aswè **an Dat Elektoral lan ki se 2 novanm**. Dispozisyon pral pran pou akomode elektè ki genyen andikap yo. Ale nan adrès entènèt **Vote.NJ.Gov** pou jwenn biwo vòt pa ou, ki sou paj Polling Locations oubyen Kote pou Vote yo.
NÒT: Bilten pou Vote-nan-Lapòst yo PA KAPAB depoze nan biwo vòt ou an pou eleksyon sa a.



Sekretè Deta Tahesha Way

1-877-NJ-VOTER (1-877-658-6837)
Vote.NJ.Gov

